



KIZIN REZIDANZYÈL POU LAVANT AN DETAY

Jwenn plis enfòmasyon sou pèmasyon ak Règleman sou Kizin Rezidansyèl pou Lavant An Detay

Ou kapab kontakte Depatman Sante pou planifye yon randevou pou yo revize plan an.

Nan mwa janvyè 2021 an, Vil Boston lan te adopte yon règleman pou *Etabli Gid pou Otorize Kizin Rezidansyèl pou Lavant an Detay* ki pèmèt rezidan prive yo fè ak distribye manje ki pa gen danje tankou men pa limite ak sa yo sèlman: pwodui boulanjri, konfiti, jele, sirèt, ak melanj epis sèk. Manje chodyè (tradisyonèl) ki otorize pou vann yo se tankou manje ki pa gen gwo danje yo ki pa mande pou konsève yo cho oswa frèt pou rezon sekirite.

Aplikasyon ki vle mete sou pye yon kizin pou lavant an detay lakay yo dwe kontakte Sèvis Enspeksyon Boston lan, Depatman Sante epi ranpli pwosesis sa yo: soumèt epi [revize plan yo](#), soumèt yon [aplikasyon](#) ki konplè epi aksepte pou yo vin fè enspeksyon. Klike [la](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou plan pou revize Kizin Rezidansyèl la An Detay, demann lan ak pwosesis enspeksyon an.

APWOPO RÈGLEMAN AN

Objektif Depatman Sèvis Enspeksyon se asire yon relans ekonomik ki ekilibre ak dirab nan kad COVID-19 lan. Pou sa, nou te adopte yon sistèm regilasyon ak otorizasyon pou fè manje nan kizin andedan kay pou ti biznis yo.

Kizin rezidansyèl pou lavant an detay yo pa kapab prepare pwodui fini ki mande pou konsève yo cho oswa frèt pou rezon sekirite. Pami yo genyen:

- vyann oswa pwason ki pa kuit oswa prepare ak chalè
- kèk pwodui ki dekoupe tankou melon, epi
- legim, ak tomat.

Tout kizin rezidansyèl k ap vann an detay yo dwe respekte [Kòd Sanitè Eta Massachussets \(Massachusetts State Sanitary Code\) 105 CMR 590](#).

KÒMAN POU APLIKE

APLIKE POU BENEFISYE YON PÈMI

Yo mande pou tout rezidan ki panse prepare "manje chodyè (tradisyonèl) yo pou vann nan kizin lakay yo gen pèmi, oswa tout lòt manje Depatman Sante aksepte ki pa gen danje ladan yo. Pami yo genyen, men se pa sa sèlman, pwodui ki mande pou konsève lontan yo tankou:

- ti bonbon ak brownies yo
- jele ak donòt
- vinèg, ak
- lòt manje ki pa gen gwo danje ladan yo.

Pou kòmanse, telechaje epi ranpli aplikasyon sa yo:

[REVIZYON PLAN POU GEN PÈMI KIZIN](#)

[APLIKASYON PÈMI SANTE](#)

AJOUTE SA A NAN APLIKASYON OU AN:

- Kopi yon lèt oswa imèl pwopriyete a bay pou verifye li konnen biznis lan ap fonksyone sou pwopriyete li a
- De (2) seri plan (dimansyon pi piti a: 11 pous pa 17 pous)
- Yon fèy demann konplè pou Revize Plan Kizin Rezidansyèl la An Detay
- Yon kopi meni ou pwopoze a k ap montre sa w ap prepare an
- Yon kopi sètifika Fòmasyon ki montre ou konnen Alèjèn yo
- Sètifika antanke responsab nan kesyon pwoteksyon pwodui pou manje
- Sètifika Fòmasyon ki Montre Ou Konnen sa ki Alèjèn
- Frè Depatman Sante a pou moun k ap vann manje nan kizin lakay yo (\$100)

Ou kapab voye demann ak papyè ou yo sou ISDHealth@boston.gov. Si ou genyen kesyon, kontakte Depatman Sante a nan [617-635-5326](tel:617-635-5326) oswa sou ISDHealth@boston.gov

PWOSESESIS POU FÈ REVIZYON NAN PLAN AN

Pwosesis pou fè revizyon nan plan an

Avan menm nou bay pèmi a, tout kizin rezidansyèl dwe soumèt plan yo epi ekip nou an pral revize plan sa yo. Lè nou revize plan ou genyen yo, nou kapab mete yon pi

gwo estanda epi bay yon pi èd teknik. Revizyon sa yo enpòtan pou kliyan an kapab satisfè epi evite pwoblèm alavni ak etablisman an.

Yon erè nan konsepsyon, reparasyon ak antretyen an ap pral mete etablisman ou an ansanm ak fonksyonman li yo an danje. Pandan revizyon plan n ap fè yo, nou vle asire nou etablisman ou byen fèt epi gen metòd sanitè ki an plas.

Nou fè yon revizyon konplè sou mòd fonksyonman ou pwopoze yo:

- revizyon plan
- enspeksyon kay lan
- enspeksyon avan fonksyonman yo, epi
- pwosesis apwobasyon pou pèmi a.

Nan revizyon n ap fè a, nou mete aksan sou:

- kontni ou genyen nan plan ou yo
- karakteristik ekipman an
- konsepsyon nan kesyon achitekti (estetik), epi
- pwosedi fonksyonman yo.

Objektif nou se pou nou evite maladi ki gen rapò ak manje ki gen yon move konstriksyon oswa planifikasyon espas la, oswa toude.

APWOPO REVIZYON PLAN AN

Lè w ap soumèt revizyon plan ou an, rasire ou genyen sa a ladan li:

- ekipman ki enimerè yo epi ki kote yo ye nan espas la, epi
- karakteristik finisyon yo ansanm ak plonbri a.

Lè w mete enfòmasyon sa yo sa pral mete aksan sou gwo pwoblèm yo sou papye. Sa pral pèmèt ou fè modifikasyon avan menm ou fè nenpòt acha oswa enstalasyon ki koute anpil lajan, oswa fè konstriksyon.

TELEHAJE:

REVIZYON PLAN KIZIN REZIDANSYÈL

Nou revize plan yo sèlman sou randevou. Kontakte Depatman Sante a nan [617-635-5326](tel:617-635-5326) oswa sou ISDHealth@boston.gov

EGZIJANS AK PWOSEDI

Kizin rezidansyèl pou lavant an detay k ap fonksyon nan Boston yo dwe jwenn yon enspeksyon chak ane oswa oaza nan men Depatman Sante Sèvis Enspeksyon an. Operatè yo dwe suiv ak respekte pwosedi fonksyonman yo ansanm ak egzijans enspeksyon yo:

ACHA:

Manje se nan men yon vandè eta a apwouve yo dwe achte li.

DEPO

Ou dwe genyen depo ki separe, sèk ak glase, pou biznis lan epi pou atik pèsònèl yo andedan kizin lan. Itilize yon etajè oswa yon kote ki fèt pou manje biznis la ki separa ansanm ak manje pèsònèl ou an.

ETIKÈT

Anbalaj lan ansanm ak etikèt yo dwe respekte egzijans yo fè nan 105 CMR 520.00 pou kesyon etikèt la. Sa gen rapò ak komès am detay epi angwo. Ou kapab revize [ti rezime Depatman Sante Piblik Massachusetts la](#) pou konnen egzijans yo sou kesyon etikèt la pou manje ki prale nan anbalaj yo.

IJYÈN

Ou dwe suiv menm bagay la:

- sante
- ijyèn
- lave men, epi
- egzijans pou itilize twalè se menm bagay la yo mande pou kizin komèsyal estanda yo.

EKIPMAN AK ISTANSIL

Tout ekipman ak istansil yo dwe fèt ak materyèl ki pa reprezante yon danje epi kenbe yo an bon eta.

SIFAS KI GEN KONTAK ANSANM AK MANJE YO

Tout sifas ki ka gen kontak ak manje yo dwe fèt ak materyèl ki dous, pa kenbe grès epi netwaye fasil. Sa a genyen ladan li kontwa, evye, ak sifas travay yo. Kontwa pa dwe gen okenn pati ki kraze ladan li. Tout bagay manje a pral genyen kontak ansanm ak li dwe byen netwaye ak byen dezenfekte.

NETWAYAJ AK DEZENFEKSYON

Menm règ la aplike pou netwayaj ak dezenfeksyon pou yon kizin komèsyal. Men, genyen eksepsyon ki pi soup ki pèmèt itilizasyon yon machin pou lave asyèt ki fèt pou kay, akondisyon:

- yo itilize pi gwo nivo dezenfeksyon ki posib pou machin sa a, epi
- tanperati a monte jiska 150 degre. Tès sa dwe fèt chak jou, konsève achiv yo pandan 30 jou.

ANPLWAYE AK KOUTYE

Se sèlman manm fanmi ki abite nan menm kay la ki kapab prepare manje pou vann. Pa pran lòt anplwaye ki sòti lòt kote. Yo pa kapab itilize koutye, gwosis, oswa sant pou fè estokaj.

ENSÈK AK BÈT NUIZIB YO

Menm jan ak tout kizin, ou dwe pran mezi pou evite genyen ensèk ak bèt nuizib nan kizin lan.

BÈT DOMESTIK

Ou dwe fè bèt domestik yo rete apa pandan manje a ap prepare nan kizin lan.

LESIV

Ou pa kapab ap fè lesiv pandan w ap prepare manje a.

ENVITE

Pandan manje biznis la ap prepare envite yo pa kapab itilize kizin lan ansanm ak kote yo sere manje yo.

FATRA

Poubèl yo itilize pou mete fatra yo dwe genyen kouvèti ki byen fèm

FÒMASYON

Moun ki gen pèmi yo dwe genyen yon Sètifika Ki Montre yo Konnen Kisa ki Alèjèn lan Li dwe sòti nan yon etablisman akredite epi ki rekonèt nan Massachusetts ki respekte tout egzijans yo. Ekip nou an pral fè ou konnen:

- *enfòmasyon sou sekirite konsènan lwa travay yo*
- *machasuiv sou kesyon dife, epi*
- *[seksyon 105 CMR 590](#) nan Kòd Sanitè Eta Massachusetts la.*